



Èske w bezwen asistans pou imigrasyon?

Biwo pou Nouvo Ameriken yo (ONA) bay sèvis gratis pou tout imigran Eta Nouyòk la.

Sèvis ki baze sou kominote a

Rezo **sant opòtinite** ki baze nan kominote a nan tout eta ONA bay sèvis gratis ak konfidansyèl, tankou sipò natiralizasyon, preparasyon pou tès sivik, konsiltasyon legal, ak atelye kominotè yo.

Navigatè Kominote Imigran yo se yon rezo lokal moun ki ede konekte moun ki pi nan bezwen yo ak sèvis epi enfòmasyon ki gen rapò ak imigrasyon. Pwogram **Golden Door** la ofri gwoup sipò sante mantal pou fanmi imigran yo atravè Eta epi konekte ak lòt resous gratis. **Inisyativ Ramirez June** nan ogmante kapasite rezo ONA pou konekte nouvo Ameriken yo ki gen andikap entelekyèl/devlopman mantal ak fanmi yo ak resous, enfòmasyon ak sèvis nan Eta Nouyòk la.

Aprann lang anglè

Sant Opòtinite yo - Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) bay fòmasyon anglè gratis ak yon eleman mendèv.

Devlopman Mendèv

Inisyativ **New Americans Can Code** bay nouvo Ameriken yo ki gen revni fèb fòmasyon gratis sou alfabetizasyon dijital debaz ansanm ak fòmasyon sou kodaj lojisyèl ki pi avanse.

Pwogram karyè Pwofesyonèl pou Imigran ki gen gwo konpetans yo konekte moun k ap chèche travay pou imigran ki gen gwo konpetans ak antrenè ONA lokal yo, ansanm ak sipò yon ajans dirijan nan tout Eta, pou jwenn fòmasyon ak sètifikasyon ki nesese pou yo mete yo nan travay ki koresponn ak konpetans anvan yo epi eksperyans yo.

Sèvis Legal yo

Konseye legal ONA yo òganize regilyèman jou konsiltasyon legal nan chak Sant Opòtinite ONA yo epi yo ka bay sipò pou natiralizasyon ak lòt sèvis legal. **Pwojè defans libète (LDP)** se yon rezo founisè sèvis legal nan tout Eta a ki ede imigran yo, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo e ki gen ladanl moun ki fè fas a depòtasyon yo, avèk sèvis legal gratis ak reprezantasyon dirèk. Konseye legal ONA ak patnè LDP yo bay tou atelye ki gen rapò ak lalwa, tankou fòmasyon pou konnen dwa w.

Pou jwenn aksè nan nenpòt nan sèvis sa yo, rele Liy Dirèk Nouvo Ameriken yo nan Eta Nouyòk la:

1-800-566-7636

sòti Lendi pou Vandredi, 9ham – 8hpm, eksepte jou ferye. Tout enfòmasyon apèl yo konfidansyèl.

Sipò a disponib nan plis pase 200 lang.

Pou jwenn sèvis ONA toupre w yo, vizite: <https://dos.ny.gov/office-new-americans>